

[MEMBER NAME]
[STREET ADDRESS 1]
[STREET ADDRESS 2]
[CITY, STATE, ZIP]

[TODAY'S DATE]
Medicaid ID [MEDICAID ID]

Mesaj Jeneral

Kondisyon angajman kominotè a/kondisyon travay pou Kalifye pou NJ FamilyCare/Medicaid

Chè [MEMBER NAME],

Lèt sa a gen ladan l enfòmasyon enpòtan sou pwoteksyon sante anba NJ FamilyCare/Medicaid ou a. Administrasyon Trump lan chanje kondisyon pou yon moun kalifye pou NJ FamilyCare, epi kèk adilt ki gen ant 19 ak 64 an dwe ranpli nouvo kondisyon pou yo kontinye resevwa kouvèti asirans sante yo.

Poukisa m resevwa lèt sa a?

Apati 1ye janvye 2027, pral gen de nouvo règ ki ka gen yon enpak sou pwoteksyon NJ FamilyCare ou a:

1. **Kondisyon angajman kominotè a/kondisyon travay a.** Si ou pa antre nan youn nan sitiyasyon eksepsyon yo ki endike nan Dokiman A, ou dwe travay, ale lekòl, fè volontarya, oswa patisipe nan yon pwogram fòmasyon pou travay pou w ka kalifye pou kouvèti NJ FamilyCare oswa kontinye resevwa kouvèti sa a. Yo rele yo ofisyèlman kondisyon angajman kominotè a, men ou ka tandè yo rele yo tou kondisyon travay.
2. **Renouvèlman kalifikasyon ki fèt pi souvan.** W ap bezwen renouvle pwoteksyon w lan chak sis (6) mwa olye yon fwa pa ane.

Dosye nou yo montre chanjman sa yo ka afekte w. Kouvèti ou toujou aktif jodi a. Sepandan, asire w ou reponn rapidman ak nenpòt lèt ou resevwa nan men NJ FamilyCare pou ede w kontinye resevwa benefis ou yo.

Asire w adrès postal ou, nimewo telefòn ou ak adrès imèl ou ajou, pou w pa rate mesaj enpòtan yo. Ale nan <https://dmahs-nj.my.site.com/addressupdate>, oswa rele nan 1-833-409-2370.

Èske kondisyon travay yo aplike pou mwen?

Ou **PA** oblije satisfè kondisyon yo si youn nan sitiyasyon ki nan **Dokiman Anèks A** a aplike: **Kilès ki pa bezwen satisfè kondisyon travay yo?** sa aplikab pou ou Sinon, ou dwe satisfè kondisyon yo si ou enskri nan plan NJ FamilyCare tip ABP (Plan Avantaj Altènatif). Gade **Dokiman Anèks B: Kijan mwen ka konnen ki plan mwen genyen?**

Kijan mwen ka ranpli kondisyon travay yo?

Ou ka ranpli kondisyon travay yo lè w konplete youn nan **aktivite** sa yo:

- Lakay ou rantre omwen \$580 pa mwa. Si revni w chanje pandan ane a akòz travay sezonye, tankou anseye oswa travay nan jaden, sèvi ak mwayèn revni chak mwa ou te genyen pandan 6 mwa ki sot pase yo.
- Ale lekòl omwen a tan pasyèl. Lekòl ou a deside sa tan pasyèl la vle di.
- Pase omwen 80 èdtan chak mwa ap fè youn oswa plizyè nan aktivite sa yo:
 - Travay
 - Lè w ap ale lekòl, si w enskri pou mwens pase tan pasyèl
 - Patisipe nan yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl
 - Travay volontè oswa sèvis kominotè

Pou w kenbe asirans ou an, ou dwe konplete nenpòt nan aktivite yo mande yo pandan omwen yon (1) mwa depi dènye fwa ou te renouvle l la. Apati 1ye janvye 2027, NJ FamilyCare ap verifye chak 6 mwa si ou ranpli kondisyon yo. NJ FamilyCare ap gade enfòmasyon li deja genyen anvan. Si yo gen bezwen plis enfòmasyon, NJ FamilyCare ap kontakte w pou mande w yo. Gade **Dokiman Anèks C: Kijan NJ FamilyCare pral verifye sitiyasyon mwen parapò ak kondisyon travay la?** gade la pou plis detay.

Pou ede w konnen kijan egzijans sa yo ka afekte w, sèvi ak *NJ FamilyCare Activity Requirements Checker* ki disponib sou www.njfcchecker.nj.gov.

Kisa k ap pase si mwen PA ranpli kondisyon travay yo?

Si kondisyon travay la aplikab pou ou epi ou pa satisfè l, w ap pèdi pwoteksyon NJ FamilyCare ou a lè peryòd pwoteksyon ou genyen kounye a fini. Ou ka elijib pou yon pwoteksyon nan GetCoveredNJ, men ou pap resevwa èd finansye. Si ou pèdi pwoteksyon NJ FamilyCare ou a, ou ka toujou fè yon nouvo demann si sitiyasyon w chanje.

Kisa m ta dwe ap fè kounye a?

- **Mete enfòmasyon kontak ou yo ajou:** Mete adrès ou, nimewo telefòn ou ak adrès imèl ou ajou pou w pa rate mesaj enpòtan yo. Ou ka fè sa sou entènèt nan <https://dmahs-nj.my.site.com/addressupdate> oswa lè w rele nan 1-833-409-2370.
- **Veye lèt, imèl, oswa mesaj tèks NJ FamilyCare oswa plan sante ou a ap voye ba ou:** Reponn lèt NJ FamilyCare voye ba ou yo osito sa posib si yo mande w enfòmasyon.
- **Verifye si kondisyon yo ka aplike pou ou:** Sèvi ak zouti *NJ FamilyCare Activity Requirements Checker* pou w wè si kondisyon ki gen rapò ak aktivite travay yo konsène w. Ou ka jwenn aksè ak zouti sa a nan www.njfcchecker.nj.gov
- **Rasanble epi sere dokiman w yo:** Kòmanse konsève dokiman ki montre ou satisfè kondisyon travay yo, tankou fich pèman oswa dokiman lekòl. Pa voye yo kounye a. **NJ FamilyCare ap voye yon lèt ba ou si ou bezwen bay dokiman.**

Resous pou ede w konprann chanjman yo:

- **Vizite [MedicaidWorkRules.nj.gov](https://www.MedicaidWorkRules.nj.gov) pou plis enfòmasyon.**
- **Poze kesyon oswa mande èd: Rele NJ FamilyCare nan 1-833-409-2370.**

Dokiman Anèks A: Kilès ki PA bezwen ranpli kondisyon travay yo?

Ou ka pa bezwen satisfè kondisyon travay yo si ou gen kèk sitiyasyon ki gen rapò ak sante, fanmi, oswa lavi w. Yo ka "retire" w oswa "ezante" w.

Gwoup 1 – Eksli

Ou **PA** oblije ranpli kondisyon travay yo si youn nan sitiyasyon sa yo koresponn ak sitiyasyon w kounye a. Ou:

- Gen mwens pase 19 an oswa gen 65 lane oswa plis
- Se yon manm nan yon fwaye k ap resevwa avantaj nan Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP) kounye a, epi pwogram SNAP la egzije w respekte yon kondisyon travay.
- Kounye a, w ap satisfè kondisyon travay pou pwogram WorkFirst NJ oswa pwogram Temporary Assistance for Needy Families (TANF).
- Enskri nan Medicare oswa resevwa Supplemental Security Income (SSI)
- Ansent kounye a oswa ou te fè yon gwosès ki te fini nan 12 dènye mwa ki pase yo pandan ou te enskri nan NJ FamilyCare/Medicaid.
- Se yon paran, yon responsab, oswa yon moun k ap pran swen yon timoun ki poko gen 14 an oswa yon moun ki gen yon andikap
- Nan prizon kounya oswa nan yon sant detansyon
- Se yon manm yon tribi Endyen Ameriken oswa Natif Alaska gouvènman federal la rekonèt.
- Se yon veteran ki gen yon andikap total dapre sa U.S. Department of Veterans Affairs (VA) detèmine.
- Gen mwens ke 26 an epi ki pa nan fanmi akèy
- Patisipe nan yon pwogram tretman pou abi sibstans oswa alkòl
- Gen yon eta sante ki frajil Sa vle di ou gen yon pwoblèm sante ki rann li difisil pou ou ranpli kondisyon travay yo. Sitiyasyon ou dwe koresponn ak youn nan kategori sa yo:
 - Avèg oswa andikape, jan Social Security Administration la detèmine sa
 - Twoub ki gen rapò ak itilizasyon sibstans. Sa pa aplike si w nan pwosesis rekiperasyon an depi 5 an oswa plis.
 - Twoub sante mantal ki lakòz andikap
 - Pwoblèm sante grav oswa konplèks medikal
 - Yon gwo andikap fizik, entelektyèl oswa nan devlopman

Gwoup 2 – Egzante

Ou **KA PA** bezwen ranpli egzijans travay yo si yo fenk lage ou nan prizon oswa nan sant detansyon

Ou **PA** oblije satisfè egzijans travay yo si ou te fè fas ak youn nan sitiyasyon difisil tanporè sa yo pandan omwen yon mwa depi dènye fwa ou te renouvle dosye w la:

- Ou te resevwa swen medikal entansif kòm pasyan entèn, pa egzant nan yon lopital, yon sant swen enfimye, yon sant swen entèmedye, oswa yon lopital sikyatrik
- Ou te vwayaje andeyò kominote ou pou jwenn sèvis swen sante pou tèt ou oswa pou yon moun ki depann de ou Sa te fèt paske swen sa a pa t disponib kote w ap viv la.
- Ou te viv yon konte ki gen yon to chomaj ki wo, jan gouvènman federal la defini l.

- Ou te viv nan yon zòn kote Prezidan an te deklare yon eta ijans oswa yon katastwòf.

Ou dwe ranpli kondisyon travay yo si:

- Ou enskri nan plan NJ FamilyCare tip ABP (Alternative Benefit Plan), EPI
- Okenn nan sitiyaasyon ki nan Lis A yo pa konsène w.

Dokiman Anèks B: Kijan mwen ka konnen ki kalite plan mwen genyen?

Pou w konnen ki kalite plan ou genyen, ou ka:

- Rele nimewo sèvis manm ki sou do kat ID plan sante ou genyen kounye a.
- Gade sou devan kat ID asirans sante w la – gade enstriksyon ki anba yo:
 - Si ou enskri nan Aetna, ou pap ka itilize metòd sa a. Tanpri rele nimewo sèvis manm ki sou kat ID plan sante w la.
 - Si w enskri nan Fidelis Care, United Healthcare, Horizon, oswa Wellpoint, tanpri egzamine egzanp kat ID pou Alternative Benefit Plan (ABP) ki anba a. Si kat ou a gen ladan l ABP oswa Alternative Benefit Plan jan sa parèt nan kare ki nan egzanp yo sa vle di ou enskri nan plan ABP a.

Fidelis

 **FIDELIS CARE**

Issue Date: 02/10/2025

Member: SAMPLE A SAMPLE
Member ID: 123456789
Medicaid #: 1234567890

Plan Name: NJ FamilyCare A/ABP

Effective Date: MM/DD/YYYY
Primary Care Provider (PCP):
[PCP Name]
PCP Phone: 1-XXX-XXX-XXXX
Dental: 1-888-442-2375

Co-Pay Information

Dental	\$0
Emergency	\$0
PCP	\$0
Pharmacy	\$0
Specialist	\$0

Horizon

 

NJ FamilyCare

NAME: JANE DOE	Plan	ABP
MEMBER ID NO: YHZ00000000	Dental Benefit	YES
PCP: DOE, MARIA G.	Emergency	\$0.00
PHONE: 973-000-0000	PCP Copay	\$0.00
ISSUE DATE: 02/28/2024	Dental Copay	\$0.00
EFFECTIVE: 01/01/2020	Specialist Copay	\$0.00
BC/BS Plan Codes 280/780	Rx Generic	\$0.00
horizonNJhealth.com	Rx Brand	\$0.00
	Pharmacies Group: HORIZON, BIN 610606, ProCin HMC	
	086-19-153	

United Healthcare

 **United Healthcare**
Community Plan

Health Plan (80840) 911-86047-08

Member ID: 000300112 Group Number: NJFAMCAR

Member: REISSUE ENGLISH

PCP Name: DOUGLAS GETWELL
PCP Phone: (201)792-3022
Issue Date: 06/22/23

Payer ID: 86047

Optum Rx®

Rx Bin: 610494
Rx Grp: AMNJ
Rx PCN: 4343

Copay: No Copays

See reverse for dental/vision benefits DOI -0501

NJ Alternative Benefit Plan
Underwritten by AmeriChoice of New Jersey, Inc.

Wellpoint



Effective Date:
Date of Birth:
Subscriber #: 123456789
RxBIN: 020107
RxPCN: WP
RxGRP: WKPA

NJ FamilyCare ABP
wellpoint.com/nj/medicaid

Member Name: JOHN Q SAMPLE
Primary Care Provider (PCP):
PCP Address:
PCP Telephone #:
Co-pays: Office Visits: \$0 Emergency Room Visits: \$0
Pharmacy: \$0 FOR GENERIC / \$0 FOR BRAND NAME

Dental: 1-833-276-0848 Vision: 1-800-879-6901
Wellpoint Member Services/BH: 1-833-731-2147 24/7 BH Crisis: 1-877-842-7187
Pharmacy Member Services: 1-833-207-3115

Dokiman Anèks C: Kijan NJ FamilyCare pral verifye sitiyasyon mwen parapò ak kondisyon travay la?

NJ FamilyCare pral verifye chak 6 mwa si aktivite w yo satisfè kondisyon yo, oswa si w fè pati yon gwoup ki eskli oswa ki egzante. Pou kòmanse, NJ FamilyCare pral verifye enfòmasyon li deja genyen yo.

Pafwa, NJ FamilyCare bezwen plis enfòmasyon pou deside sou sitiyasyon w. Si sa fèt, NJ FamilyCare ap voye yon lèt ba ou pou eksplike:

- Ki dokiman w ap bezwen bay yo
- Dat limit pou voye enfòmasyon w yo

NJ FamilyCare pral egzamine dokiman ou yo epi deside si w ranpli kondisyon travay yo oswa si yo pa aplike pou ou. Apre sa, NJ FamilyCare ap voye yon lèt lèt ba ou avèk desizyon l konsènan kouvèti ou.

Si sitiyasyon w konsènan travay, lekòl, volontarya, oswa estati moun ki eskli oswa ki egzante a chanje, ou ka fè konnen sa lè w ap renouvle dosye w la pwochen fwa. Ou pa bezwen rapòte chanjman sa yo tousuit. Sa gen ladan l si ou:

- Kòmanse oswa sispann travay, ale lekòl, oswa fè volontarya
- Vin fè pati, oswa sispann fè pati, yon gwoup ki eskli oswa ki egzante jan sa endike nan Dokiman Anèks A a.

Si gen yon lòt bagay ki chanje e ki ka afekte kalifikasyon w pou Medicaid tankou revni w oswa kantite moun ki nan kay ou, ou dwe fè NJ FamilyCare konnen nan yon delè 10 jou aprè chanjman an.